



# EPA Rejyon 4: Fòmasyon sou Pèmi pou Lè Pou Yon Vrè Enplikasyon

PWOESIS SOU EMISYON PÈMI POU LÈ AK PATISIPASYON PIBLIK



# Objektif Fòmasyon EPA a sou Pèmi pou Lè Pou Yon Vrè Enplikasyon

---

- Bay edikasyon ak fòmasyon konsènan pèmi Lwa sou Lè Pwòp (CAA) ak pwosesis CAA Tit V.
- Bay resous ki konsantre sou pèmèt kominote ki mal desèvi yo genyen aksè ki konplè epi siyifikatif nan pwosesis pèmi an.
- Ankouraje kominote ki mal desèvi yo pou aji pou amelyore sante ak anviwònman yo.



# Apèsi Fòmasyon

---

- Lwa sou Lè Pwòp La
- Tip Pèmi
- Pwoesisis Emisyon Pèmi
- Patisipasyon Biblik
- Resous Itil yo
- Revizyon Tit V EPA ak  
Òganigram Patisipasyon  
Biblik
- Tès Konesans



# Lwa sou Lè Pwòp La (CAA)

---

**CAA siyen pa Prezidan Nixon nan lane 1970**

**Plizyè amannman majè nan lane 1970, 1977, ak 1990**

**Avanse majè yo:**

**Prevansyon gwo deteryorasyon (PSD)**

**Plan Mizannèv Eta a (SIP), Plan mizannèv lokal (LIP)**

**Pwogram pèmi pou pi gran sous polyan lè yo (Tit V)**

**Posiblite pou patisipasyon piblik**



Birmingham, Alabama (Kounyeya)




Birmingham, Alabama (1970)

# Lwa sou Lè Pwòp La

---


- Polyan lè komen yo diminye pa plis pase 50%
- Sibstans toksik nan lè ki soti nan gran sous endistriyèl yo te redwi pa 70%
- Nouvo machin yo 90% pi pwòp
- U.S. GDP te triple
- Konsomasyon enèji te ogmante pa 50%
- Itilizasyon veyikil te ogmante pa 200%



## KISA NÒM NASYONAL SOU KALITE LÈ ANBYAN AN YE (NATIONAL AMBIENT AIR QUALITY STANDARDS, NAAQS)?

EPA etabli nivo nasyonal pou sis polyan espesifik nan lè eksteryè:

- Matyè Patikil (PM)
    - PM<sub>10</sub> ak PM<sub>2.5</sub>
  - Monoksid Kabòn (CO)
  - Diyoksid Azòt (NO<sub>2</sub>)
  - Diyoksid Souf (SO<sub>2</sub>)
  - Ozòn twoPOSFERIK oswa bwouya atmosferik (O<sub>3</sub>)
  - Plon (Pb)
- Yo konnen bagay sa yo sou non polyan “kritè”



# KISA NAAQS PWOTEJE?


## Sante piblik

- CAA mande pou EPA defini nòm “primè” pou pwoteje sante piblik (ki genyen ladan popilasyon ki sansib) avèk yon maj sekrite ki apwopriye

## Byennèt piblik

- EPA defini nòm “Segondè” pou pwoteje byennèt piblik ak anviwònman an (ki genyen ladan viziblite ak domaj nan animal yo, pwodiksyon agrikòl ak vejetasyon)

EPA dwe revize nòm ki defini pou chak polyan kritè chak 5 lane



## Implementation

# CAA: Plan Mizannèv

---

- Egzije pa CAA (Tit I)
- Enkli eleman pou nouveau sous (konstriksyon/anvan konstriksyon) epi kapab mansyone pwogram eta a pou pèmi fonksyònman pou sous ki pi piti yo
- Otorite Eta/Lokal yo genyen obligasyon pou genyen Plan Mizannèv Eta/Lokal (SIP yo) oswa (LIP yo)
- Tribi yo pa genyen obligasyon pou devlope Plan Mizannèv Tribi yo (TIP yo)



# CAA: Òganizasyon

Tit I: Prevansyon ak Kontwòl Polisyon Lè

- Pati A - Kalite Lè ak limit nan emisyon yo  
NAAQS, NSPS, HAPs, elatriye.
- Pati B - Anile; ale nan tit VI
- Pati C - Prevansyon gwo deteryorasyon (PSD)
- Pati D - Egzijans plan pou zòn non-konfòm yo

Tit II: Nòm Emisyon pou Sous Mobil yo

Tit III: Jeneral

Pouswit sivil, pwersi administratif, revizyon jidisyè, elatriye.

Tit IV: Kontwòl Depo Asid

Pwogram lapli asid (Alokasyon SO<sub>2</sub> ak NO<sub>x</sub>)

Tit V: Pèmi yo

Pwogram pèmi fonksyònman

Tit VI: Pwoteksyon Ozòn Estratosferik




---

# TÈS PREPARASYON

EPA etabli nòm nasyonal yo pou sis polyan primè nan lè eksteryè ke nou rele polyan \_\_\_\_\_.

---

- A) Danjre
- B) Enpòtan
- C) Kritè
- D) Reglemante



# BON REPONS

Pwochen Dyapozitif 

---

# MOVE REPONS

Retounen nan Keson an

Pwochen Dyapozitif



# Responsabilite sou Jesyon Kalite Lè

---

Gouvènman Lokal/Eta yo

- Devlope plan mizannèv
- Bay pèmi yo
- Aplike nòm yo

Gouvènman federal

- Defini nòm yo
- Bay sipèvizyon

Nan Rejyon 4, nou revize pèmi yo, men nou pa redije pèmi yo poukout nou, nou prensipalman redije pèmi ki lye ak outer continental shelf yo (OCS).

# EPA Rejyon 4 Otorite k ap Bay Pèmi yo

- **ALABAMA**
  - Huntsville, AL
  - Konte Jefferson, AL
- **NORTH CAROLINA**
  - Konte Forsyth, NC
  - Konte Mecklenburg, NC
  - Western, NC
- **FLORIDA**
- **GEORGIA**
- **MISSISSIPPI**
- **SOUTH CAROLINA**
- **KENTUCKY**
  - Konte Jefferson, KY
- **TENNESSEE**
  - Chattanooga, TN
  - Knoxville, TN
  - Memphis, TN
  - Nashville, TN



Rejyon 4 EPA Lakay



# Tip Pèmi

## Pèmi konstriksyon/pre-konstriksyon

- Sous majè
  - Konfòm: Prevansyon gwo deteryorasyon (PSD)
  - Pa Konfòm: Revizyon Nouvo Sous (NA NSR)
- Sous Minè (NSR)
- Sous minè sentetik



## Pèmi fonksyònman

- Sous majè (Tit V)
- Sous minè
- Sous minè sentetik (FESOP/FEDOOP)



# Pwogram Revizyon Nouvo Sous (NSR)

NSR se yon pwogram CAA ki mande enstalasyon endistriyèl yo pou enstale ekipman modèn kontwòl polisyon lè:

Yo konstwi  
(Nouvo Sous)



Oswa

Chanjman ki ogmante anpil emisyon  
(Modifikasyon nan sous aktyèl)



## Revizyon Nouvo Sous (NSR) Pwogram

NSR Majè  
nan **zòn ki konfòm**  
zòn yo (PSD)

NSR Majè  
nan **zòn ki pa konfòm**  
zòn yo (NA NSR)

NSR Minè  
nan tout domèn yo

# KONPOZAN NAN PWOGGRAM NSR A


# KI LIMIT MAJÈ NSR YO (PSD)?

## Nouvo sous majè:


- 28 kategori sous: **100 tòn chak ane** (tpy) nan tout polyan NSR ki reglemante.
- Lòt sous: 250 tpy nan tout polyan NSR ki reglemante.

## Modifikasyon majè pou yon sous majè:

- Gwo Ogmantasyon Emisyon
  - 40 CFR 52.21(b)(3).
- Gwo Ogmantasyon Emisyon Nèt pou yon polyan NSR ki reglemante
  - 40 CFR 52.21(b)(23).




# KISA NSR MAJÈ A MANDE (PSD)?



## Obligasyon prensipal:


- Enstale Pi Bon Teknoloji Kontwòl ki Disponib (BACT)
- Reyalize analiz kalite lè
- Evalyasyon enpak yo
- Pèmèt enplikasyon piblik



# KISA NSR MAJÈ A MANDE (NA NSR)?

## Obligasyon prensipal:

- Enstale teknoloji pou Kantite Emision Yo Reyalize Ki Pi Ba (LAER)
- Jwenn konpansasyon pou emision
- Reyalize analiz sit altènativ yo
- Montre konfòmite ak enstalasyon nan tout eta a
- Pèmèt enplikasyon piblik



# BACT ak LAER

---

**Toude se fason pou fòse teknoloji a pou redwi emisyon yo**

- Kandida yo dwe egzamine metòd kontwòl ki itilize toutotou monn lan pou pwosesis similè yo
- Yo dwe konsidere tout kontwòl ki ka reyalize yo
- BACT pèmèt kandida yo konsidere:
  - Enpak Enèji yo
  - Lòt Enpak Anviwònmantal
  - Enpak sou Frè/Enpak Ekonomik
- LAER pa pèmèt yo konsidere lòt enpak sa yo
- RACT/BACT/LAER Clearinghouse (RBLC) se yon bazdone sou entènèt yo itilize pou jwenn limit ak kontwòl nan enstalasyon yo

## Minor NSR Source Thresholds (in Attainment Areas)

Pollutant	Threshold (tons per year)
Carbon monoxide (CO)	10
Nitrogen oxides (NOX)	10
Sulfur dioxide (SO <sub>2</sub> )	10
Volatile Organic Com-pounds (VOC)	5
Particulate Matter (PM)	10
PM ≤ 10 microns (PM10)	5
PM ≤ 2.5 microns (PM2.5)	3
Lead	0.1
Fluorides	1
Sulfuric acid mist	2
Hydrogen sulfide (H <sub>2</sub> S)	2
Total reduced sulfur (including H <sub>2</sub> S)	2
Reduced sulfur com-pounds (including H <sub>2</sub> S)	2
Municipal waste combus-tor emissions	2
Municipal solid waste landfill emissions (as non-methane organic com-pounds)	10

Egzanp Limit NSR yo

# KISA NSR MINÈ A EGZIJE?

- CAA pa genyen egzijans espesifik
- Nouvo sous ak modifikasyon pa ka entèfere ak konfòmite NAAQS la
- Egzijans pwogram eta a varye anpil



# Regleman Revizyon Nouvo Sous

---

## Lwa sou Lè Pwòp

- PSD – Tit I, Pati C
- Pa Konfòm – Tit I, Pati D

## Regleman federal:

- PSD – [40 CFR 51.166](#) ak [52.21](#)
- Pa Konfòm – [40 CFR 51.165](#)
- Apendis S (nan [40CFR Pati 51](#))

## Regleman eta ak lokal yo



# TÈS PREPARASYON


---



Vrè oswa Fo: PSD mande Pi Bon Teknoloji Kontwòl ki Disponib ke yo rele tou (Best Available Control Technology, BACT). Sous la genyen obligasyon pou itilize teknoloji ki plis estrik SOF si genyen rezo enèjetik, anviwònmantal oswa rezon ekonomik ki swiv machaswiv espesifik ak demonstrasyon analiz.

Vrè

Fo



# BON REPONS

Pwochen Dyapozitif 

---

# MOVE REPONS

Retounen nan Keson an

Pwochen Dyapozitif



# Patisipasyon Piblik nan Revizyon Nouvo Sous yo

Genyen twa fason ou ka patisipe nan pwosesis emisyon pèmi Revizyon Nouvo Sous:

1. Ou ka kòmante sou pèmi NSR nouvo sous majè yo ak kèk modifikasyon ak pèmi NSR sous minè yo.
2. Ou ka kòmante sou regleman pwopozisyon EPA NSR ak aksyon EPA pou apwouve regleman NSR ajans eta a ak lokal yo.
3. Ou ka angaje pou swit kont aksyon ki pa konfòm ak pèmi yo.

## PUBLIC PARTICIPATION



Klike sou nenpòt lyen ki anwo a pou jwenn plis detay



# Pèmi Tit V 40 CFR Pati 70

- Pwogram Pèmi Eta a pou Fonksyònman yo
- Regleman k ap aplike **Tit V** nan Amanman 1990 konsènan Lwa sou Lè Pwòp la
- Identife eleman minimòm nan pwogram pèmi pou fonksyònman yo
- Defini sous ak egzijans ki aplikab yo ki kouvri pa pwogram nan

CODE OF FEDERAL REGULATIONS

CFR



# Objektif Pwogram Tit V lan

## Ankouraje pou respekte Lwa sou Lè Pwòp la nan:

- Konsolide dokimantasyon pou egzijans kontwòl polisyon lè nan enstalasyon an
- Ajoute egzijans pou kontwòl, tès, ak pou konsèvasyon done kote sa nesesè
- Egzijans deklarasyon pou kontwole emisyon yo
- Egzijans sètifikasyon chak ane yo
- Tèm ki aplikab nan gouvènman federal la

## Se pa yon pwogram ki ka itilize pou:

- bay pèmi konstriksyon
- enpoze nouvo limit sou emisyon oswa nouvo egzijans ki aplikab yo





# KI SOUS KI DWE APIKE POU PÈMI TIT V YO?

## Sous majè nan polyan lè ki reglemante

- $\geq 100$  tpy pou polyan kritè yo;  $\geq 10/25$  tpy pou HAP yo

Ensineratè dechè  
danjre ak fabrikan  
silan portland

Dechaj minisipal dechè  
solid ki genyen yon  
kapasite  $> 2.5$  milyon  
megagram oswa  $2.5$   
milyon mèt kib

Sous asid lapli (*tankou,*  
*santral elektrik ki*  
*alimante pa konbistib*  
*fosil*)

Tout sous ki genyen  
obligasyon pou genyen  
yon pèmi NSR sous  
majè

Initi ensinerasyon  
dechè solid selon  
seksyon 129(e) nan  
Lwa a

Tout sous nan yon  
kategori sous ki  
dezinye pa EPA (kèk  
sous domèn zòn HAPS)

State of Tennessee  
Department of Environment and Conservation  
Division of Air Pollution Control  
William R. Snodgrass Tennessee Tower  
212 Rosa L. Parks Avenue, 15<sup>th</sup> Floor  
Nashville, TN 37242  
Telephone: (615) 532-0554



APC 1

**TITLE V PERMIT APPLICATION  
FACILITY IDENTIFICATION**

SITE INFORMATION			
1. Organization's legal name		For APC company/permittee Use Only APC Leg Permittee	
2. Street name (if different from legal name)		NAICS or SIC Code	
3. Street address (St. Rd. Hwy.)		City or distance to nearest town	
4. Site location (in Lat/Long)		Latitude	Longitude
CONTACT INFORMATION (RESPONSIBLE OFFICIAL)			
5. Responsible official contact		Phone number with area code	
6. Mailing address (St. Rd. Hwy.)		Fax number with area code	
City	State	Zip code	Email address
CONTACT INFORMATION (TECHNICAL)			
7. Principal technical contact		Phone number with area code	
8. Mailing address (St. Rd. Hwy.)		Fax number with area code	
City	State	Zip code	Email address
CONTACT INFORMATION (BILLING)			
9. Billing contact		Phone number with area code	
10. Mailing address (St. Rd. Hwy.)		Fax number with area code	
City	State	Zip code	Email address
TYPE OF PERMIT REQUESTED			
11. Permit requested for: Initial application to agency:	<input type="checkbox"/>	Minor permit modification: Significant modification:	<input type="checkbox"/>
Permit renewal to agency:	<input type="checkbox"/>	Construction:	<input type="checkbox"/>
Administrative permit amendment:	<input type="checkbox"/>		

(OVER)

# KILÈ YON SOUS DWE SOUMÈT YON APLIKASYON PÈMI POU TIT V?

- Nan yon lane aprè li kòmanse fonksyone, epi
- Anvan 5 yèm anivèsè pèmi an (pou renouvle pèmi an), epi
- Lè yon chanjman oswa yon modifikasyon nan sous la deklantche egzijans modifikasyon pèmi an



## Pwosesis Pèmi Tit V

- Sous la soumèt aplikasyon nan moman ki apwopriye a bay Otorite Pèmi an (PA)
- PA revize aplikasyon pou wè si yo konplè
- Si yo konplè, PA redije pèmi an ak dokiman ki lye yo (tankou deklarasyon baz)
- PA pibliye avi piblik, sa ki kòmanse yon peryòd kòmantè 30 jou sou pwojè pèmi an
- PA jere kòmante yo resevwa yo (si genyen) ak chanjman ki apwopriye yo (si genyen)
- PA pwopoze pèmi an bay EPA, sa ki kòmanse yon peryòd revizyon 45 jou
- Si EPA pa refize l, PA kapab emèt pèmi an kòm yon pèmi final; si EPA refize yo, PA dwe jere kòmantè yo nan yon moman ki apwopriye




---

# TÈS PREPARASYON

Genyen 3 sitiyasyon kote yon sous dwe soumèt yon aplikasyon pou pèmi Tit V. Seleksyone sitiyasyon ki PA laverite.

---

- A) Anvan dat ekspirasyon 5 lane pou yon pèmi ki ankou
- B) Lè enstalasyon an chanje non l oswa pwopriyete l
- C) Lè yon chanjman oswa yon modifikasyon nan sous la deklantche egzijans modifikasyon pèmi an
- D) Lè enstalasyon an twouve l nan yon lane aprè li kòmanse fonksyone



# BON REPONS

Pwochen Dyapozitif 

---

# MOVE REPONS


Retounen nan Keson an

Pwochen Dyapozitif

# Sous Minè Sentetik

Pou yo konsidere sous yo kòm minè sentetik, yo dwe:

- **Genyen kapasite** pou pwodwi polyan ki reglemante nan nivo ki egal oswa ki depase limit majè sous yo
- Epi te **pran restriksyon ki aplikab** pou emisyon yo kapab pi ba pase nivo limit majè sous sa yo





# Restriksyon ki Aplikab pou Sous Minè Sentetik yo

---

Egzijans pèmi ki ka limite yon potansyèl sous fè emisyon, gen ladan:

- **Limit emisyon yo:** restriksyon sou yon peryòd tan sou kantite yon polyan ki kapab emèt apati yon sous pou antre nan lè deyò a.
- **Limit sou pwodiksyon:** restriksyon sou kantite pwodwi final ke yo ka frabrike oswa yon otreman pwodwi nan yon sous
- **Egzijans sou kontwòl siplemantè:** kondisyon ki presize ke sous la dwe enstale epi mentni kontwòl siplemantè ki fonksyone nan yon to emisyon oswa efikasite presi
- **Lòt limit operasyonèl:** gen ladan tout lòt restriksyon konsènan fonksyònman yon sous, ki gen ladan lè fonksyònman, kantite matyè premyè ki konsome, oswa gaz ki boule


Tout egzijans yo dwe aplikab nan yon fason pratik.



# Egzijans sou Pèmi Minè Sentetik

- Sous Minè Sentetik yo pa tonbe anba menm kondisyon ak sous majè yo.
  - Egzijans BACT/LAER NSR yo pa aplike
  - Pwosesis petisyon Tit V a pa aplike
- Egzijans sou pèmi yo varye selon otorite eta/lokal ou an k ap bay pèmi an
  - Peryòd renouvèlman yo varye
  - Peryòd avi piblik ak revizyon EPA yo ak egzijans ak asosye yo varye
- Egzijans sou deklarasyon yo kapab pa fèt osi souvan

**Senk prensipal endistri ki gen plis sous minè sentetik otorize nan ane 2019**



Sous: Analiz OIG fè sou done ki soti nan ICIS-Air ak Bazdone Anliy sou Istwa Aplikasyon ak Konfòmite EPA a. (Imaj OIG EPA a)



# REZIME

---

Pèmi NSR yo se pèmi  
anvan konstriksyon ki  
plis konsantre sou sis  
polyan kritè yo

Pwogram PSD ak  
pwogram NA NSR yo  
mande sous yo pou  
enstale kontwòl  
polisyon

3 tip pwogram NSR

Pèmi fonksyònman Tit V  
a idantife eleman  
minimòm yo, defini sous  
ak egzijans ki aplikab yo

Tout sous majè yo dwe  
aplike pou yon pèmi Tit  
V nan lespas yon lane  
apati lè yo kòmanse  
fonksyone a

Pèmi Tit V a genyen  
tout egzijans ki aplikab  
pou yon sous




# Resous Itil yo

Verifye	Mande	Patisipe
<ul style="list-style-type: none"><li>Verifye sit entènèt Rejyon 4 EPA a pou jwenn dènye enfòmasyon sou <a href="#"><u>Pwopozisyon Pèmi Tit V yo</u></a> lè ou klike sou eta ou an</li><li>Verifye paj entènèt otorite k ap bay pèmi an pou jwenn egzijans espesifik yo</li><li>Verifye paj entènèt otorite k ap bay pèmi an pou jwenn Avi ak Odyans Piblik yo</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>Mande pou yo ajoute w nan lis imèl notifikasyon sou aksyon pèmi yo</li><li>Mande yon kopi aplikasyon an ak materyèl sipò si ou pa ka jwenn aksè nan yo sou entènèt</li><li>Mande kilè pèmi fonksyònman ou an pou enstalasyon sa a dwe renouvre epi si yon nouvo pemi/renouvèlman pèmi ankou</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>Patisipe nan pwosesis revizyon pèmi <a href="#"><u>Tit V</u></a> ak <a href="#"><u>pèmi NSR</u></a> la</li><li><a href="#"><u>Prèv nan Videyo Pèmi an</u></a> pou jwenn lòt enfòmasyon anplis sou pwosesis pèmi an</li></ul>



# Patisipasyon Piblik ak Òganigram Revizyon EPA Tit V





# OTORITE KAP BAY PÈMI AN KÒMANSE PERYÒD KÒMANTÈ PIBLIK 30 JOU A

Swit Dyapozitif la

Retounen nan Òganigram

Anvan yo apwouve yon pèmi tit V epi anvan yo li vin definitif, lalwa mande pou fè yon peryòd kòmante piblik.

- Anvan yo emèt yon pèmi fonksyonman pou 1<sup>ye</sup> fwa -- (pandan li nan fòm pwojè a)
- Lè yon pèmi pou fonksyone dwe renouvre chak 5 lane
- Epi lè yo dwe relouvri yon pèmi pou kèk rezon, tankou pou yo kapab modifye l sou baz nouvo egzijans federal yo

Sous la soumèt aplikasyon pou pèmi an nan lespas ki pa depase yon lane aprè li tonbe anba Tit V a

PA pibliye avi piblik, sa ki kòmanse yon peryòd kòmantè 30 jou sou pwojè pèmi an

Piblik/eta ki afekte yo kapab soumèt kòmantè sou pwojè pèmi an (bay PA a) pandan peryòd kòmantè piblik 30 jou a

Si yo pokò pwograme l, piblik la kapab mande yon odyans selon pwo sedi ki etabli yo

PA jere kòmante yo resevwa yo (si genyen) ak chanjman ki apwopriye yo (si genyen)



# KISA KI ENKLI NAN YON APLIKASYON PÈMI TIT V?

Swit Dyapozitif la

Retounen nan Òganigram



Enfòmasyon sou idantifikasyon



Deskripsyon pwosesis ak pwodwi yo



Enfòmasyon ki lye ak emisyon yo

polyan majè  
pwen emisyon ak kantite emisyon yo  
ekipman pou kontwòl



Egzijans ki aplikab



Plan konfòmite



Sètifikasyon konfòmite



Sètifikasyon verasite, presizon, ak akonplisman

# KISA KI ENKLI NAN YON PÈMI TIT V?

Swit Dyapozitif la

Retounen nan Òganigram

## Tout “egzijans ki aplikab”

- Defini nan [40 CFR 70.2](#)
- Egzanp – règ eta ak federal yo, tèm pèmi eta a

## Kondisyon estanda pou pèmi ki egzije pa pati 70 la

- [40 CFR 70.6](#) – Kontni Pèmi
- Egzanp – pèmi an ekspire aprè 5 lane, obligasyon pou bay enfòmasyon

## Kontwòl, Konsèvasyon Rejis ak Rapò (MRR)

- [40 CFR 70.6\(a\)\(3\)](#)
- Egzanp – egzijans tès, “kontwòl peryodik”

## Kalandriye Konfòmite si Sous la Pa Konfòm

- [40 CFR 70.6\(c\)\(3\)](#)

## Sitasyon Orijin ak Otorite

- [40 CFR 70.6\(a\)\(1\)\(i\)](#)



# FASON POU JWENN REZILTA YO

Retounen nan Òganigram

## Kòmantè ki reyisi:

- Klèman idantifye ki pati espesifik nan pèmi an, dosye pèmi, oswa pwosesis pèmi an pa respekte CAA a, egzijans pati 70 la, oswa apwobasyon pwogram Tit V Eta/Lokal la
- Demontre ke egzijans ki aplikab yo pa ka aplike paske pèmi nan redije kounyeya
- Prezante yon agiman ki klè epi site lwa ak regleman yo (nenpòt lè sa posib) pou sipòte agiman
- Bay rekòmandasyon ki espesifik ak lang

## Kesyon Kle:

- Èske pèmi an genyen tout egzijans aplikab ki aplike nan sous la?
- Èske egzijans aplikab yo reflete nan pèmi an avèk presizyon?
- Èske genyen kontwòl peryodik pou asire konfòmite?
- Èske egzijans ki aplikab yo kapab aplike nan pratik la?

# PA PWOPPOZE PÈMI BAY EPA EPI KÒMANSE PERYÒD REVIZYON 45 JOU A

Swit Dyapozitif la

Retounen nan Òganigram

**Otorite k ap Bay Pèmi an genyen obligasyon pou soumèt tout enfòmasyon ki nesesè pou EPA fè yon bon revizyon. Peryòd revizyon 45 jou a pa kòmanse jiskaske EPA resevwa tout materyèl yo.**

*[Sect. 505(a)(1)(A) ak (B) nan CAA ak [40 CFR § 70.8\(a\)\(1\)](#)]*

- Aplikasyon pou pèmi (oswa rezime aplikasyon)
- Plan pou konfòmite (si aplikab)
- Kopi pwojè pèmi ak pwopozisyon pèmi yo
- Deklarasyon Debaz
- Repons ekri pou kòmantè yo

# PA PWOPROZE PÈMI BAY EPA EPI KÒMANSE PERYÒD REVIZYON 45 JOU A (Swit)

Retounen nan Òganigram

**EPA dwe refize tout pwopozisyon pèmi ke yo  
jije ki pa respekte Lwa sou Lè Pwòp la.**

*[Sect. 505(b)(1) nan CAA ak 40 CFR § 70.8(c)(1) ak (2)]*

Pwopozisyon pèmi Tit V sou sit entènèt EPA Rejyon 4

## PERYÒD 90 JOU POU PA REZOUD OBJEKSYON EPA A

Retounen nan  
Òganigram nan

PA genyen 90 jou (aprè yo resevwa objeksyon an) pou soumèt yon pwopozisyon pèmi ki revize; sinon EPA pral bay oswa refize pèmi an.

*[Sect. 505(c) ak 40 CFR § 70.8(c)(4)]*

# PERYÒD REVIZYON 45 JOU EPA A

Retounen nan  
Òganigram nan

EPA genyen 45 jou pou revize repons PA a  
[40 CFR § 70.8(c)]



# EPA PRAL MODIFYE, METE FEN, OSWA ANILE/REBAY PÈMI

Retounen nan  
Òganigram nan

**Si PA a pa rive reponn oswa rezoud tout pwoblèm kapab genyen objeksyon, EPA pral pran mezi ki nesesè (ki genyen ladan, modifye, mete fen, oswa revoke epi rebay pèmi an)**

*[CAA Sect. 505(c) ak 40 CFR § 70.8(c)(4) ak 70.8(d)]*

# PA KAPAB BAY PÈMI AN

Retounen nan  
Òganigram nan

**Si EPA pa fè objeksyon, PA kapab bay pèmi  
an kòm pèmi final**

*[Sect. 505(c) ak 40 CFR 70.8(c)]*

# PA KAPAB BAY PÈMI AN

Retounen nan  
Òganigram nan

**Si EPA pa fè objeksyon, PA kapab bay pèmi  
an kòm pèmi final**

*[Sect. 505(c) ak 40 CFR 70.8(c)*



# PIBLIK LA KAPAB KONTESTE PÈMI AN NAN TRIBINAL ETA A

Retounen nan  
Òganigram nan

Pwosedi kontestasyon an pral depann de eta sous la sitiye ladan an. Pou jwenn enfòmasyon ki espesifik ak eta a, kontakte kontak ki apwopriye ki mansyone nan Otorite Kap Bay Pèmi Selon Eta

# PERYÒD 60 JOU POU PETISYON BAY EPA A

Swit Dyapozitif la

Retounen nan Òganigram

Si EPA pa fè objeksyon, tout moun kapab voye yon petisyon bay EPA pou fè objelespas ki pa depase 60 jou aprè peryòd revizyon 45 jou EPA a. [CAA Sect. 505(b)(2) ksyon nan & 40 CFR § 70.8(d)]

Piblik la ka gade dat limit petisyon an pou aktyèl pwozisyon pèmi tit V la sou sit entènèt Rejyon 4 EPA a

Petisyon an dwe genyen dat ak lè yo resevwa I sou sistèm depozisyon elektwonik EPA a la oswa nan adrès imèl EPA dezinye a, oswa yon dat kachè postal ki jenere pou yon kopi yo voye nan adrès fizik ke EPA dezinye a. [40 CFR 70.12(b)]

Petisyon an dwe baze sou objeksyon yo soulve pandan peryòd kòmantè piblik la (ki genyen ladan tout odyans piblik), sof si:

- Moun ki fè petisyon an demontre ke li pa te posib pou soulve objeksyon sa yo nan peryòd sa a; oswa
- Rezon pou objeksyon sa yo te prezante aprè peryòd sa a.

Nenpòt moun kapab voye yon petisyon bay EPA pou fè objeksyon ak sèten pèmi Pati 70 la. Yo kapab wè petisyon ki soumèt yo ak repons EPA a nan Bazdone Petisyon Tit V EPA a.

# KI KONTNI KI OBLIGATWA NAN YON PETISYON?

Swit Dyapozitif la

Retounen nan Òganigram

## Idantifye pèmi ke petisyon an baze sou li a

### 40 CFR 70.12(a)(1)

- Nimewo petisyon, nimewo vèsyon oswa lòt enfòmasyon ki nesesè pou idantifye pèmi an
- Epitou petisyon an dwe presize si aksyon pèmi an se
  - Soti premye fwa
  - Renouvèlman
  - Modifikasyon/revizyon (ki genyen ladan modifikasyon minè/revizyon)

## Idantifye revandikasyon petisyon an

### 40 CFR 70.12(a)(2)

- Klèman idantifye ki aspè espesifik nan pèmi an, dosye pèmi, oswa pwoesisis pèmi an pa respekte CAA a, egzijans nan pati 70 la, oswa apwobasyon pwogram Tit V a.
- Idantifye kote yo te souve pwoblèm nan revandiksyon an pandan peryòd kòmantè publik la (sof si li pa te posib pou souve revandiksyon an pandan peryòd kòmantè publik la).
- Idantifye kote otorite k ap bay pèmi an te reponn kòmantè publik la epi eksplike fason repons otorite k ap bay pèmi an pa apwopriye.
- Si otorite k ap bay pèmi an pa te abòde kòmantè publik la, petisyon an ta dwe deklare sa.

# KI KONTNI KI OBLIGATWA NAN YON PETISYON? (Swit)

Swit Dyapozitif la

Retounen nan Òganigram

## Pou EPA a konsidere yon revandiksyon, yo dwe soulve pwoblèm lan nan kò petisyon an

- Si yo soulve pwoblèm lan nan yon pyès jwent, petisyon an dwe bay yon sitasyon byen presi ki mennen nan enfòmasyon ki fè referans ak li nan pyès jwent lan.
- Epitou yo ta dwe itilize sitasyon yo pou sipòte revandiksyon yo, ansanm ak yon eksplikasyon sou fason materyèl ki site a sipòte revandikasyon an. Jwenn egzanp yon revandikasyon isit la.
- Enfòmasyon ou bay nan petisyon an ak analiz pèmi an ak dosye a ta dwe presi.



# KIKOTE MWEN KA DEPOZE YON PETISYON?

Swit Dyapozitif la

Retounen nan Òganigram

- **Metòd Prefere:** Tanpri depoze petisyon Tit V lan pa mwayen elektwonik atravè [Echanj Done Santral la](#)
- **Metòd Anrejistreman:** Si ou pa anmezi pou itilize Echanj Done Santral la pou depoze petisyon ou an, tanpri voye petisyon ou an ak pyès jwent ki asosye yo nan adrès imèl sa a: [titleVpetitions@epa.gov](mailto:titleVpetitions@epa.gov).
- **Metòd Dènye Opsyon:** Si ou pa anmezi pou reyisi soumèt petisyon ou an pa mwayen elektwonik, tanpri soumèt yon kopi papye petisyon ou an nan adrès sa a:

US EPA  
Biwo Planifikasyon ak Nòm sou Kalite Lè  
Divizyon Politik sou Kalite Lè  
Lidè Gwoup pou Pèmi Fonksyònman  
109 T.W. Alexander Dr. (C-504-01)  
Research Triangle Park, NC 27711
- Sèlman soumèt petisyon yo atravè youn nan twa metòd ki mansyone anwo a,  
**tanpri pa voye petisyon ou an dirèkteman bay Administratè a.**

# KIKOTE MWEN KA DEPOZE YON PETISYON? (Swit)

Swit Dyapozitif la

Retounen nan Òganigram



Epitou ou dwe voye kopi petisyon ou an bay otorite k ap bay pèmi an epi bay moun ki fè aplikasyon an.



Enfòmasyon kontak pou otorite k ap bay pèmi an ta dwe disponib nan avi publik la pou aksyon emisyon pèmi an.



Enfòmasyon kontak pou aplikan pèmi an ta dwe disponib nan pwojè pèmi an, oswa nan men otorite k ap bay pèmi an.



# KIKOTE MWEN KAPAB JWENN PLIS ENFÒMASYON?

Retounen nan Òganigram

- Èske ou genyen yon kesyon konsènan fason pou depoze yon petisyon Tit V? Si ou genyen kesyon, tanpri voye yon imèl bay nou nan [titleVpetitions@epa.gov](mailto:titleVpetitions@epa.gov).
- Si ou genyen yon kesyon konsènan yon pèmi byen presi oswa yon dat limit espesifik pou yon petisyon, tanpri kontakte Biwo Pèmi Rejjonal Lè EPA a pou eta kote sous la sitiye a. Kontak sou pèmi Lè yo disponib yo sou paj entènèt [Nan Lwa sou Lè Pwòp la](#).
- Tout petisyon yo soumèt bay EPA pibliye nan [bazdone petisyon tit V](#) Ajans lan. Epitou bazdone sa a genyen fichye PDF konsènan repons Ajans lan pou petisyon yo.



# PERYÒD 60 JOU POU EPA REPONN

Retounen nan Òganigram

## EPA genyen 60 jou pou reponn petisyon an [CAA Sect. 505(b)(2)]

- EPA pral akòde petisyon an (pa egzanp, refize pèmi an) si moun k ap depoze petisyon an demonstre ke pèmi an pa respekte CAA a
- Si yo pokò bay li, PA pa kapab bay pèmi an jiskaske yo rezoud objeksyon an
- Si yo deja bay li, petisyon an pa chanje validite pèmi an

PIBLIK LA KAPAB  
ENVOKE  
REVIZYON JIDISYÈ  
A CAA SECT. 307  
NAN LESPAS 60  
JOU

Retounen nan Òganigram

**Si EPA refize petisyon an, tankou refi a  
tonbe anba revizyon jidisyè selon seksyon  
307 nan CAA a**

*[CAA Sec 307 US. Kòd 7607. Pwosedi administratif ak revizyon jidisyè]*

# PERYÒD 90 JOU POU PA REZOUD PETISYON EPA KI APWOUVE A

Retounen nan  
Organigram nan

PA a genyen 90 jou (apati lè yo apwouve yon petisyon) pou soumèt yon pwopozisyon pèmi ki revize; sinon EPA pral bay oswa refize pèmi an.  
*[Sect. 505(c) ak 40 CFR § 70.8(c)(4)]*

# PERYÒD REVIZYON 45 JOU EPA A

Retounen nan  
Òganigram nan

EPA genyen 45 jou pou revize repons PA a  
[40 CFR § 70.8(c)]



# EPA PRAL MODIFYE, METE FEN, OSWA ANILE/REBAY PÈMI

Retounen nan  
Òganigram nan

**Si PA a pa rive reponn oswa rezoud tout pwoblèm kapab genyen objeksyon, EPA pral pran mezi ki nesesè (ki genyen ladan, modifye, mete fen, oswa revoke epi rebay pèmi an)**

*[CAA Sect. 505(c) ak 40 CFR § 70.8(c)(4) ak 70.8(d)]*

# PA KAPAB BAY PÈMI AN OSWA AKTYALIZE DOSYE PÈMI AN

Retounen nan  
Òganigram nan

**Si EPA pa fè objeksyon, PA kapab bay pèmi an kòm yon pèmi definitif oswa aktyalize dosye pèmi an.**

*[Sect. 505(c) ak 40 CFR 70.8(c)*



# Tès Konesans

---

PATISIPASYON PIBLIK LA NAN  
PÈMI SOU EMISYON LÈ




# Ki polyan ki PA yon polyan kritè?

---

- A) PM<sub>2.5</sub>
- B) Imidite
- C) Monoksid Kabòn
- D) Plon
- E) Diyoksid Azòt





# BON REPONS

Pwochen Dyapozitif 

---

# MOVE REPONS

Retounen nan Keson an

Pwochen Dyapozitif

# Ki metòd prefere pou soumèt yon petisyon Tit V a?

---

A)

Elektwonik  
lapòs

(B)


Echanj Done  
Santral

(C)

Administratè  
EPA

(D)

Fizik  
Lapòs



# BON REPONS

Pwochen Dyapozitif



---

# MOVE REPONS

Retounen nan Keson an


Pwochen Dyapozitif

Vrè oswa Fo. Peryòd revizyon 45 jou a pa kòmanse jiskaske EPA resevwa tout materyèl yo.

---

Vrè

Fo



# BON REPONS

Pwochen Dyapozitif 

---

# MOVE REPONS

Retounen nan Keson an

Pwochen Dyapozitif




Vrè oswa Fo. Nenpòt moun kapab voye yon petisyon bay EPA pou fè objeksyon ak sèten pèmi Pati 70 la.



Vrè

Fo



# BON REPONS

Pwochen Dyapozitif



---

# MOVE REPONS

Retounen nan Keson an

Pwochen Dyapozitif




Vrè oswa Fo. Ou PA bezwen voye kopi petisyon ou  EPA an bay otorite k ap bay pèmi an epi bay moun ki fè aplikasyon an.

---

Vrè

Fo



# BON REPONS

Pwochen Dyapozitif



---

# MOVE REPONS

Retounen nan Keson an

Pwochen Dyapozitif



# Felisitasyon!

Ou te fini Fòmasyon sou Pèmi  
pou Lè Rejyon 4 EPA a Pou Yon  
Vrè Enplikasyon!

Si ou bezwen yon sètifikasi oswa yon imèl ki rekonèt ke ou te fini fòmasyon an,  
tanpri kontakte Emily Ferrando nan [Ferrando.Emily@epa.gov](mailto:Ferrando.Emily@epa.gov).

---